

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina komunikasi lisan jeung tulisan tangtu diwangun ku kalimah anu mangrupa runtuyan kecap, anu sakaligus jadi sumber utama pikeun nyieun ide, gagasan, tur informasi. Runtuyan kecap mangrupa runtuyan pangwangun kalimah anu pangleutikna sarta miboga harti anu tangtu. Ari tata kecap mangrupa salah sahiji bagian tina tata basa anu maluruh kecap, cara ngawangunna, selang surupna, sarta patula-patalina kana warna jeung harti kecap (Sudaryat, Prawirasumanrtri, & Yudibrata, 2013, kc.47). Katitén, kecap téh wangun basa anu pangleutikna anu bisa mandeg mandiri tur sipatna bébas. Minangka bagian kalimah pangleutikna, kecap téh miboga adegan anu tangtu. Disawang tina morfém anu jadi pangwagunna, kecap téh dibagi dua aya kecap salancar nyaéta kecap anu diwangun ku hiji morfém bébas, aya ogé kecap rékaan (kecap jembar) nyaéta kecap anu diwangun ku dua morfém atawa leuwih. Dina basa Sunda kecap rékaan diwincik jadi kecap rundayan, kecap rajékan, kecap kantétan, jeung kecap wancahan. Nurutkeun Sudaryat, Prawirasumanrtri, & Yudibrata (2013, kc.59) kecap rundayan nyaéta kecap anu diwangun ku cara ngawuwuhkeun rarangkén (*afiks*) kana wangun dasarna.

Dumasar kana wanda rarangkénna, kecap rundayan bisa diwangun ku lima cara, nyaéta 1). ngararangkénan hareup (*préfixasi*), 2). ngararangkénan tengah (*infiksasi*), 3). ngararangkénan tukang (*sufiksasi*), 4). ngararangkénan barung (*konfiksasi*), 5). Ngararangkénan bareng (*ambifiksasi*). Prosés ngawangun kecap tina wangun lian anu jadi dasarna ku cara nepungkeun morfem anu hiji jeung morfém nu liana, disebut prosés morfologis. Nurutkeun Sudaryat, Prawirasumanrtri, & Yudibrata (2013, kc.41) prosés morfologis dina basa Sunda aya tilu rupa, nyaéta prosés ngararangkénan (*afiksasi*); prosés ngarajék (*réduplikasi*); jeung prosés ngantétkeun (*komposisi*).

Ieu panalungtikan medar ngeunaan kecap rundayan nu diwangun ku rarangkén barung jeung rarangkén gabung. Rarangkén barung mangrupa rarangkén tunggal minangka barungan tina dua rarangkén, biasana napel di hareupeun jeung tukangeun dasar, saperti ka--an, pa--an, pang--na, jeung pi—eun, contona aya dina

kecap “*kasenian, pangmulusna, patengahan*”. Ari rarangkén gabung mangrupa gabungan dua rarangkén atawa leuwih tur napelna kana wangun dasar teu binarung, tapi bareng wungkul Sudaryat, Prawirasumanrtri, & Yudibrata (2013, kc.54). Saperti di-+-ar-, di-+-an, di-+-ar-+-an jeung di-+-keun, contona aya dina kecap “*dioconan, diobrolkeun, diarambegan*”.

Kecap rundayan nu dirarangkénan ku rarangkén barung jeung gabung téh bisa kapanggih dina basa lisan jeung tulisan. luyu jeung éta hal Novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana dijadikeun sumber panalungtikan nu patali jeung basa tulisan téa. Pangna ieu novél dijadikeun sumber panalungtikan téh kusabab, ieu novél kungsi meunang hadiah Samsodi tur basa anu dipakéna gampang dipikaharti.

Dina ieu panalungtikan katitén ayana pola anyar rarangkén barung jeung gabung. Aya faktana dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana). Katitén aya salahsahiji rarangkén barung ka—na dina kecap ‘kaduana’ aya ogé pola rarangkén gabung anu anyar salahsahijina rarangkén N- + -na dina kecap ‘ngaranna’. Masalah di luhur tangtu waé bakal aya cara pikeun ngungkulannana, nyaéta ku pamarekan morfologis. Ieu masalah bisa ditungkulan ku téhnik analisis morfologis. Nurutkeun Sudaryat (2014, kc.60) aya tilu rupa modél analisis, nyaéta 1) modél tata unsur; 2) modél prosés; jeung 3) modél paradigma. Dina ieu panalungtikan rék diguna keun modél proses (*item and process (IP)*).

Panalungtikan ngeunaan kecap rundayan téh lain barang anyar, ari sababna saméméhna geus kungsi aya anu nalungtik ngeunaan “Rarangkén Gabung dina Novél *katineung*” karangan Holisoh M.E ku Handayani,(2004), “Rarangkén Tukang dina Karangan Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII-D SMPN 44 Bandung (Tilikan Struktur, Fungsi jeung Harti) ku Maulani (2015), satuluyna “Rarangkén Tengah dina Buku Kumpulan Carita Pondok *Nu Baralik Manggung* Karya Nano S. pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SLTP” ku Ridwan (2004).

Najan geus réa nu nalungtik, perkara rarangkén dina wangun kecap rundayan masih perlu dilaksanakeun. Ari sababna, panalungtikan nu geus aya ngan medar rarangkén tina jihat wangun, fungsi, jeung harti. Ari ieu

panalungtikan sajaba ti medar wangun, fungsi, jeung harti rarangkén, diulik ogé modél prosésna.

Dina panalungtikan nu geus dipedar di luhur, can aya nu nalungtik sacara husus ngeunaan rarangkén barung jeung gabung dina novél *Béntang Hariring*. Dina panalungtikan nu saméméhna lolobana ngaguar ngeunaan rarangkén tukang, rarangkéng gabung, rarangkén hareup jeung deui pikeun bahan pangajaran. Ieu panalungtikan téh penting pisan dilaksanakeun sangkan loba nu paham yén rarangkén téh teu ngan saukur rarangkén hareup jeung tukang hungkul tur bisa nambahan ilmu pagaweruh pikeun nu maca ngeunaan tata basa Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Rarangkén Barung jeung Gabung dina Novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendryana (Ulikan Struktur, Fungsi jeung Harti) perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Nilik kana lobana wanda rarangkén dina kecap rundayan, panalungtikan ieu perlu diwatesananan. Dina ieu panalungtikan, medar ngeunaan rarangkén barung jeung gabung dina novél *Béntang Hariring*, katut ulikanana ngangunakeun struktur, fungsi, jeung harti rarangkén. Ambahan dina ieu panalungtikan téh nyaéta rarangkén barung jeung gabung miboga sarua dua rarangkén atawa leuwih, dina rarangkén barung katitén kecap “*sakelasna*” polana sa—na + kelas, dina rarangkén gabung katitén kecap “*dihaleuangkeun*” polana di++keun+haleuang. Dina bédana mah rarangkén barung, lamun salasihiji rarangkén di laan éta kecap moal aya hartian. Tapi, lamun rarangkén gabung mah bisa sababaraha hiji rarangkén nu napel atawa dilaan miboga kénéh harti.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Rarangkén barung jeung gabung naon waé anu aya dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana?
- 2) Kumaha struktur rarangkén barung jeung gabung dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana?
- 3) Kumaha fungsi rarangkén barung jeung gabung dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana?

- 4) Kumaha harti rarangkén barung jeung gabung dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan sacara umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun maluruh tur ngaguar rarangkén gabung jeung rarangken barung dina novél *Béntang Hariring*.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun

- 1) rarangkén barung jeung gabung anu aya dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana;
- 2) struktur rarangkén barung jeung gabung dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana;
- 3) fungsi rarangkén barung jeung gabung dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana; jeung
- 4) harti rarangkén barung jeung gabung dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis anu kaugger di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun sumber acuan pikeun panalungtikan ka hareupna sarta bisa dijadikeun bahan reférensi élmu tatabasa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu bisa kacangking tina ieu panalungtikan, nyaéta

- 1) pikeun anu nalungtik, bisa nambahan élmu pangaweruh hususna ngeunaan rarangkén barung jeung rarangkén gabung;

- 2) pikeun anu maca, bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan ngeunaan kecap rundayan;
- 3) pikeun guru, bisa dijadikeun salah sahiji sumber dina pangajaran rarangkén barung jeung gabung di sakola; jeung
- 4) pikeun murid, bisa dijadikeun referensi pikeun diajar ngeunaan rarangkén.

1.5 Raraga Tulisan

Struktur organisasi skripsi miboga fungsi pikeun méré gambaran dina ngalaksanakeun panalungtikan. Ieu skripsi disusun kabagi jadi lima bab saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan umum jeung husus panalungtikan, mangpaat téoritis jeung praktis panalungtikan sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan tiori, eusina medar ngeunaan dasar tiori anu ngawengku morfologi, prosés morfologi, kecap rundayan, fungsi rarangkén, jeung harti rarangkén.

Bab III Méthode Panalungtikan, anu eusina ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur/alur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusina medar hasil tina ieu panalungtikan mangrupa déskripsi ngeunaan struktur rarangkén barung jeung gabung naon waé anu kapanggih jeung kumaha fungsi katut hartina dina ieu panalungtikan saenggeus dianalisis.

Bab V Kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan, sarta rékoméndasi ogé implikasi, sangkan bisa méré mangpaat jeung pentingna ieu pan